

UNIONDALE PUBLIC SCHOOLS
DEPARTMENT OF THE COMMITTEE ON SPECIAL EDUCATION

1060 Cornelius Court
Uniondale, NY 11553
Fax: (516) 918-2375

Ms. Carol DelValle

Administrative Assistant for Spec. Serv./CSE
Cdelvalle@uniondaleschools.org
(516) 560-8861 Or 8969

Mr. Shelby Streeter

Director for Special Services
Sstreeter@uniondaleschools.org
(516) 918-2360

6 avril 2020

Chè Paran/Gadyen,

Distrik eskolè Uniondale la gen entansyon bay edikasyon espesyal ak lòt sèvis konparab a distans atravè anseyman a distans, e sa ka genyen anseyman atravè videyo oubyen terapi a distans. Itilizasyon terapi a distans kòm yon modèl pou delivre sèvis sa yo gen pou itilize enfòmasyon elektwonik ak teknoloji kominikasyon nan men yon konpayi ki bay sèvis sa yo a endividi dapre sa lalwa ki jere sèvis sa yo mande, lè endividi k ap resevwa sèvis sa a nan yon kote ki diferan de kote konpayi a ye. Lè nou itilize kalite teknoloji sa a, patikilyèman pou diskisyon an gwoup, sa prezante yon chans ke manb fanmi lòt elèv yo gen dwa wè menm leson y ap bay elèv ou a. Nou mande pou fè tout efò pou respekte entimite lòt elèv yo. Si li posib, si gen yon elèv lakay ou k ap patisipe nan sèvis an gwoup sa a, nou mande w pou fè li patisipe nan yon kote nan kay la kote lòt moun pa ka wè l. Si jamè moun lakay ou ta wè leson y ap bay lòt elèv sa yo, nou mande w pou respekte entimite elèv sa yo epitou pou pa bay enfòmasyon pèsònèl okenn elèv ba lòt moun. Nenpòt ki elèv k ap patisipe nan terapi videyo sipoze abiye byen, ak kamera videyo a plase nan nive je li. Anvironman kote kamera sa a ye a pa sipoze gen okenn bagay ki ka distrè elèv la.

Nenpòt ki paran ki pa dakò resevwa sèvis a travè ansèyman videyo oubyen terapi a distans sipoze kontakte Ms. Carol DelValle Cdelvalle@uniondaleschools.org, oubyen Shelby Streeter nan Sstreeter@uniondaleschools.org. Si pitit ou a resevwa sèvis a travè ansèyman videyo oubyen terapi a distans, distrik la ap konsidere ke ou konsanti pou resevwa sèvis sa yo nan fason sa a.

Tanpri, konnen ke sèvis a travè ansèyman videyo oubyen terapi a distans se de kalite sèvis ki otorize pandan epòk ki pap dire plis tan ke tan deklarasyon ijans ki gen rapò ak kriz COVID-19 la. Menm si sa, konnen ke ou gen dwa revoke konsantman ou depi ou di nou sa, swa pa ekri oubyen pa oral lè ou kontakte konpayi k ap bay sèvis sa a nan enfòmasyon kontak ki make anwo lèt sa a.

Mèsi pou atansyon ou bay mesaj sa a.

Ms. Carol DelValle
Mr. Shelby Streeter